**Ассаламу гIалайкум!**

# ЦIумадисезул гъаракь

(Голос Цумады)

2026 соналъул 10 апрель Рузман № 14 (7945) Газета бахъизе байбихьана 1937 соналъул 1 декабралда Багъа 8 гъурущ 12+

ЦIУМАДА РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА - ЦУМАДИНСКАЯ РАЙОННАЯ ГАЗЕТА

## АТКялъул иргадулаб данделъи

Райадминистрациялда тIобитIана терроризмалде дандечIараб комиссиялъул иргадулаб данделъи. Гъеб рагъана районалъул бетIер Шамил ГIумаровас ва гъелъул хадубккунисеб хIалтIи бачана жамгIияб хIинкъигъечIолъи



цIуниялъул рахъалъ районалъул бетIерасул заместитель МухIамад Сиражудиновас.

Гъенир рорхана гIолилазда гъоркьоб экстремизмалъул селгун байрамкъояз халкъияб хIинкъигъечIолъи цIуниялъул тадбиразул суалги.

АТКялъул данделъиялда гIахьаллъана полициялъул районтделалъул нухмалъулесул заместитель М-Р. Сайпулаев, райадминистрациялъул финансазулаб отделалъул специалист Р. МухIамадов, райадминистрациялъул ГОЧСалъул бетIерав специалист ТI. АхIмадов, райадминистрациялъул финансазул отделалъул нухмалъулесул ишал тIуралев ХI-М. ГIисаев, РУОялъул нухмалъулесул заместитель Б.Гъазиева, Дагъистаналъул УФСБялъул отделениялъул нухмалъулев ХI. Сулайманов, РУКалъул нухмалъулев ГI-С. МухIамадов ва цогидалги.

Тасдикъ гъабураб повесткаялда рекъон, гъоркьор лъурал суалазда тIасан аслияб кIалъай ва хитIабал гъаруна МухIамад Сиражудиновас. Гъес бицана терроризмалде дандечIараб комиссиялъ гъабураб хIалтIул ва тIадчIей гъабуна лъайкьеялъул идарабазда хехаб къагIидаялъ



гIаламатал тIиритIичIого рукIиналъе росабазул администрациябаздагун школазда гъабулеб профилактикияб хIалтIул, экстремизмалде дандечIеялъул комплекснияб программаялда рекъон ТIисси ва Лъондода росабалъгун, гIаммаб къагIидаялъ, районалда гъабураб хIалтIул ва церекун тIоритIарал гъединалго данделъабазда къабул гъарурал хIукмаби тIураялъул суалал.

Борхана гъениб 9 Маялда хурхун, байрамалда цереЛъондода ва ТIисси росабазул администрациязул бутIрул МухIамад ХIамзатовасгун ЯхIия Мамадибировас бицана терриозмалде дандечIеялъе жамагIаталгун, имамзабигун школазул нухмалъулелги гIахьаллъун, росабалъ гъарулел хIалтIабазул ва тIоритIулел тадбиразул. ТIадчIей гъабуна ахирал соназ росабалъ цониги хIужа ккечIолъиялда гIорхъолъа рорчIарал ишал ккеялъул. Гъелъул гIаксалда, къойидаса къойиде цIикIкIунел руго тIоритIулел спортивиял тадбирал, спортсменалгун яги цогидалги цIар арал росу-районцоялгун тIоритIулел пайдаял дандчIваял.

МухIамадрасул Сайпулаевас бицана жамгIияб хIинкъигъечIолъи букIинабиялъул рахъалъ полициялъул районтделалъ гъабулеб хIалтIул ва 9 Маялъул байрамалъул къоялъ районалда гъаризесел хIалтIабазул ва тIоритIизесел тадбиразул планалъул.

Гъоркьор лъурал суалазда тIасан жидерго пикраби загъир гъаруна ХIажи Сулаймановас, ГIабдусалам МухIамадовас ва Рамин МухIамадовас.

Данделъиялъул гIахьалчагIаз, АТКялъул данделъиялда гъоркьор лъун, хал гъарурал суалазда тIасан рекъонкколел хIукмаби къабул гъаруна.

селгун байрамкъояз халкъияб хIинкъигъечIолъи цIуниялъул тадбиразул суалги.

полиция ахIулеб ва сигнализациялъул кнопкабигун аппаратура лъеялде кIвар кьезе ккеялда.

Лъайкьеялъул идарабазда хехаб къагIидаялъ полиция ахIулеб ва сигнализациялъул аппаратура лъеялъул бугеб ахIвал-хIалалъул хIакъалъулъ бицун кIалъазе яхъана Багъжат Гъазиева. Гъелъ тIадчIей гъабуна гъеб рахъалъ ругел гIунгутIабазда ва районалъул нухмалъиялъ гъеб рахъалде кIвар кьезе ккеялъул бицана.

### ВатIан цIунулезул кьерда

## Жакъаги кьерда вуго

Украиналда рагъулел иргадулаб макъала хъвалаго, чвахулеб магIу чIолеб букIинчIо. РакIалде щвана цо солдатасул эбелалъ магIидги ецIцIун, армиялдеянги рачун, къотIи-къай хъвазеги риччан, нижер васал, гъанже дораго толел ругин, хвезегIан рокъореги рачIине



ратиларин, хведал рукьбицин кодоре щвани, АлхIамдулиллагьилан рукIинин абурал рагIаби. КIиго соналъ ботIролъан унеб гъечIо гъелъ ракI бекун гъабулеб букIараб магIу. Аллагьас хехго рагъги лъугIун, сахсаламат рокъоре руссаги нилъер васалги, вацалги.

Пикрабалъан унел рукIинчIо макъалаялъул жакъасев герой МухIамадил эбел-эмен, жидер лъабго вас рагъул цебесеб кьерда ругел Хонохъ росулъа МухIамад ГIубайдулаевгун Хадижат ГIабдулаеваги.

Гъавуна МухIамад ГIубайдулаев Хонохъ росулъ 1990 соналъул 20 августалда лъимал гIемераб хъизаналда. ГьитIинго вукIана захIмат бокьулевлъун, кIудиял вацазда цадахъ бачал, гIиял ракIаризе унги, эбелгун цадахъ хурив вачIунги, чIолароан кумек гъабизе бокьун бугинги абун. Школалдеги гIагараб росулъго ана. Хадубккун гъезул хъизан Хасавюрт районалъул Первомайское росулъе гочана ва ичIго классги гъес гъениб лъугIана. Хадувккун цIализе ана Хасавюрталъул кIиабилеб тIадегIанаб профессионалияб училищеялде (ВПУ-2) ва щвана инженер-механикасул махщел. Гъеб лъугIун хадув, махщалида рекъон, хIалтIана батIибатIиял бакIазда. 2016 соналъ армиялдеги ун, лъагIалидасан вуссана рокъове...

2022 соналъул сентябралда мобилизациялде гъорлъе ккарав МухIамад жакъа къоялъги вуго рагъулаб кьерда. Рехун вукIана Харьковалъул рахъалда бугеб Волчанскиялде, гъанже вуго Донецк областалъул Константиновскиялъул рахъалда. Цадахъ ругел гъалмагъзабазе гъев вуго «ЦIумада» МухIамад.

Рагъулаб тIадкъай тIубалаго, кIиго нухалъ лъукъунги вукIана. 2023 соналъул апрелалда, рагъулаб тIадкъай тIубалаго, лъукъарав МухIамад ккана рагъулаб госпиталалде. Сахлъаравго тIадвуссана часталде. КIиабизеги лъукъарав гъев цIидасан ккана госпиталалде ва тIадвуссана часталде 2024 соналъул августалда ва жакъа къоялъги мухъилъ вуго, ракIбацIцIадго рагъулаб хъулухъги тIубалаго.

МухIамадилгун бухьен гъабизе рес щвана дие. Жакъаги фронталда вугев аскариявгун тIоцебесеб букIана дир гъеб гара-чIвари. МагIу хулулеб букIана кIалъалаго цо-цо кьвагьа-гIанхъиги, МухIамадида аскIор ругел рагъухъабазул командабиги рагIидал. «Аллагь, дуде аманат ругоха киналго васал»,- абун букIана ракI сородулеб. Дораги рукIун рачIаразулгун гара-чIвариги, битIахъего гулбузул цIадакь ругезулгун гъабулеб гара-чIвариги думалъго батIияб иш буго. Нижеца гара-чIвари гъабуна гъесулгун рагъулаб ахIвал-хIалалъулги, цадахъ ругезул хIакъалъулъги. Гъесул рагIабазулъ букIана лъилъулареб ругънал унти-бухIиги, лъикIаб букIинеселде бугеб божи-хьулги ва бергьенлъиялда бугеб ракIчIейги…

«ТIаде къо ккедал, щивас тIубазе ккола жиндирго борч. ВатIаналъ ахIи бараб мехалъ, рахъизе ккола цо чи гIадин. Жакъа къоялде щвезегIан, АлхIамдулиллагь, Аллагьасе рецц, нижерго позиция ккун бугоха нижеца. Рагъ буго рагъ, камиял гъечIого гъеб букIунаро. Дун гуревги, дир кIудияв вац Шамилги, гьитIиналав Нурулагьги руго рагъда. Божула, жидерго мекъаб политикаялъ лъикIал ишазде рачунареблъи Украиналъул тIалъиялда бичIчIилин ва гъаб рагъ-кьалалъе ахир лъелин. Ниж рикIкIад руго, амма баркала ракьцоязе ва улкацоязе. Гъезул кумек (кванил нигIматазул, хIажатал алатазул ва цогидалъулги) камун ниж хутIуларо. Гъеб рахъалде кIвар кьола нилъерго ракьцояв, живгоги СВОялъул гIахьалчи, рагъулаб сакъат ккун, гIодов чIезе ккарав «Память гор» идараялъул вакил АхIмад Рамазановас ва гъелъул гIахьалчагIаз. Баркала киназего нижедехун бугеб бербалагьиялъухъ. Гъез кIвар кьолеб букIинчIебани, цо-цо мехалъ ракIалде ккола, ниж лъиданиги ракIалдецин щвеларин абун..»,-ян вуго М.ГIубайдулаев.

Рагъда бихьизабураб къохIехьеялъухъ ва багъадурлъиялъухъ МухIамад мустахIикълъана кIиабилеб даражаялъул «БахIарчилъиялъе гIоло» медалалъе. Гъев, гъесул вацал Шамилгун Нурулагь ва гъел гIадинал аза-азар васал-солдатал руго жакъа ВатIан цIунулезул кьерулъ ругел нилъер чIухIи ва нилъ щивасда лъазе ккола гъел ва гъезие кумек-квербакъи гъабизе ккола.

**Гъумер хIадур гъабуна Хадижат Залимхановалъ**

# Волонтерал кумекалъе хIадур руго

Хириял районцоял!

Россиялъул президент Владимир Путиница 2026 сон лъазабун буго Россиялъул халкъал



цолъиялъул сонлъун. Нилъ кидаго рукIана цIумадиселлъунги, дагъистанияллъунги ва россияналлъунги, ай, къараб зар гIадин, къо ккаралъур цо миллатлъун.

Ахираб заманалда ккарал лъугьа-бахъиназ бихьизабуна гьеб цолъиги, нилъер гъункиги цохIо рагIуе гуреб, жиндир гуч ишаздалъун бихьизабулеб мисал букIин. БитIараб буго, кIудияб къварилъи щвана Дагъистаналъул халкъазе, росабазегун шагьаразе. Аллагьас цIунаги нилъ киналго балагьаздаса. Гьеле гьениб бихьизабуна нилъер гIадамаз унго-унгояб вацлъигун цолъи, нилъер къуват гьелъулъ букIин. Щивго чIечIо ракьандеги къан, кIварас кIварабкумек гьабулеббуго гIарцудалъун букIа, яги къайиматахIалдалъун букIа. Аллагьас къабул гьабеги киназулго садакъаги.

Ниж, районалъул волонтералги, хIадур руго къварилъи ккаразе кумекалъе хIалае рахъине ва хитIаб гьабулеб буго нужеде, чIахIиязде, кIварас кIвараб кумек гьабеян. ГурхIелрахIмуялъул тадбиралги тIоритIун, цо хъизанлъунги лъугьун, нилъеда бажарула къварилъиялде ккаразе дагьабниги кумек гьабизе, захIматаб ахIвал-хIалалде ккаразе квербакъи гьабизе.

Цолъиялъулъ нилъер къуват букIин кидаго кIочене бегьилареб нилъеда.

НужергIахьаллъи чара гьечIеб буго жакъасеб нижер хIалтIулъ: ниж хIадур руго бокьараббакIалдеги рачIун, нужер кумек цойидеги буссинабун, кколелъубе битIизе.

Баркала нужее ниж ричIчIиялъухъ ва нижее квербакъиялъухъ.

РачIа нилъ цадахъ рекъон хIалтIун, лъикIлъи гьабизе ва дунял лъикIаб рахъалдехун хисизабизе!

Нужер суалалгун ва предложениялгун ахIизе бегьула +79633748233 номералде МухIамад ГIабдулаевичасухъе.



**Нужедехун кидагосеб адабхIурматгун ва баркалагун, нужер волонтерал!**

# Футболалъул лигаялъул бицана

Лъабабилеб апрелалда тIобитIана районалъул г1олилалгун спортсменал ва РУКалъул хIалтIухъаби г1ахьаллъараб данделъи. Гьенир рорхана районал-



да спорт цебетIезабиялъул ва гьаб соналъул сезоналде футболалъул лига гIуцIиялда хурхарал суалал.

Данделъи рагьана спорталъул ва гIолилазул политикаялъул отделалъул нухмалъулев ТIалхIат ГIабдулбасировас.

Гьес бицана щивасул гIумруялъулъ спорталъул бугеб кIваралъул, тIадчIей гьабуна гIолилазда гьоркьоб экстремизмгун терроризм ва наркомания тIибитIичIого букIине гьаризе кколел профилактикиял тадбиразда.

ТIалхIат ГIабдулбасировасул пикруялда рекъон, спорт ккола гIолилал мекъаб хьвадачIвадиялдаса рикIкIад чIезе кверкъулел тадбиразул цояб.

Хадуб кIалъазе вахъарав культураялъул Управлениялъул нухмалъулев ГIабдусалам МухIамадовас бицана районалъул футболалъул лигаялъул араб сезоналъул хIасилазул ва гьаб сональулаб сезоналде хIадурлъиялъе церечIарал масъалабазул. Гьединго т1адч1ей гьабуна хадубккун футбол хIай тIобитIулаго хIисабалде росизе кколел рахъазда ва футболалъул командаби цIикIкIиналъе гьаризе кколел тадбиразда.

Футболалъул лигаялъул бетIерав судья МухIамад МухIамадовас жиндирго кIалъаялда рорхана къецал тIоритIиялъул ва судьяздехун ругел тIалабазул, рит1ухъаб судейство гьабизе ккеялъул ва хIаял унаго, гьел эфиралде кьей гIуцIиялъул суалал.

КIалъазе вахъарав МухIамадсаид АхIмадовас гIахьаллъаразул пикру буссинабуна хIаял унаго, командабазул цоцаздехун ва судияздехун букIине кколеб адабхIурматалъул тIалабазде ва гьел хвезарураза букIунеб дисциплинарияб тамихIалде.

Данделъи ана киналго разияб ахIвал-хIалалда, гIахьалчагIазе рес щвана жидерго суалазе жавабал щвезе. Гьединал тадбираз квербакъула районалда спорт цебетIезабизе, гIолилаз сахаб гIумругун букIинесеб тIаса бищизе ва квешал пишабаздаса рикIкIад чIезе

**МухIамад МухIамадов,** РУКалъул методист

# ПОЛОЖЕНИЕ

**О проведении**
**чемпионата района по волейболу на призы газеты «Голос Цумады»,**
**посвященного Году единства народов России**
**25 апреля 2026г. с.Агвали.**

**1. Цель мероприятия**

-Укрепление дружбы между молодежью и спортсменами района;
-Популяризация и развитие волейбола в Цумадинском районе;
-Пропаганда здорового образа жизни.

**2. Условия проведения**

В соревнованиях могут участвовать команды, состоящие из цумадинцев, без ограничения возраста и независимо от места проживания.

В мандатную комиссию необходимо предоставить именную заявку, заверенную печатями и подписью врача и главы администрации села.

Состав команды: 9 игроков, 1 представитель, 1 тренер.

**3. Место и время проведения**

Соревнования проводятся 25 апреля 2026 года в с.Агвали.

Мандатная комиссия и жеребьёвка состоится с 9.00ч. до 9ч. 30 мин. 25.04.2026г.

Команда, опоздавшая на жеребьёвку, и без соответствующих заявок, на соревнования не допускается!

Начало соревнований в 10ч. 00 мин. 25.04.2026 г.

**4. Награждение**

Команды победителей и призеров награждаются Кубками, медалями, денежными призами и дипломами соответствующих степеней от МКУ «УКСМПиТ» МР «Цумадинский район»:
за 1 место-30000 руб, за 2 место-20000 руб
и за 3 место-10000 рублей.

**Номинации:**

-лучший нападающий -1000 руб.,
-лучший защитник -1000 руб.,
-лучший связующий - 1000 руб.,
- за объективное судейство- 1000 руб.

**5.Расходы**

Все расходы по участию команд на соревнованиях несут командирующие организации.

# Их чIеялъул мугь бана

Дагъистаналъул щибаб миллаталъул руго некIсиялин абуниги бегьулел, жиде-жидее хасиятал, рукIа-рахъиналда хурхарал, гIадатал. Гьанже гьел цIакъ къанагIат хутIун руго. НухI аварагасул заманалдасанго байбихьула гьединал гIадатазул тарих. Гьединаздаса цояб ккола их чIеялда хурхун, Агъвали мугь балеб гIадатги. Мугь бикьиялъул садакъа гьабула гьава-бакъ рекъон, хур цIун бачIаян гьара-рахьиг гьабун.




Гьеб некIсияб умумузул гIадатги цIунун, мугь бана араб рузманкъоялъ Маштихи авалалда. КIикъогогIанасеб хьаг батIи-батIияб мугьалъул белъана ва, Агъвали росдал щибаб авалалдеги щвезабун, садакъаде бикьана.

Гьеб ишалъулъ жигараб гIахьаллъи гьабуна Маштихи авалалъул жамагIаталъ, бетIерлъуда Батул СагIитовагун. Гьелъие киназго баркалаги загьир гьабуна, кIвахI тун, сундуего жигар бахъиялъухъ.



Мугь белъиялда гIахьаллъараз жидерго разилъи ва рохел загьир гьабуна гьелъул гIуцIарухъабазе, ва, гIисиналги чIахIиялги, могьол ведрабиги цIун, разиго ана рокъоре.

Аллагьас гьава-бакъ рекъон, тIабигIиял ва балъгоял балагьаздасан цIунун, гьарзаяб бачIин щун, рохизареги киналго. Умумузул гIадатал цIунизе нилъеегитавпикъ кьеги.

Киназулго садакъа къабулаб батаги.

**Берцинай КъурамухIамадова**

Конкурс

## ЛъикІал хІасилал рихьизаруна

27-30 марталда «Солнечный берег» лъай кьеялъул Централда тІобитІана «Географиялъул мугІалимзабазда цадахъ Дагъистан лъазаби» абураб географиялъул мугІалимзабазул тІоцебесеб слет.

Гьеб ккола географиялъул мугІалимзаби цолъи ва республикаялда лъай кьеялъулгун «География» предметалъул даража борхизаби мурадалда тІобитІараб цадахъаб тадбир.



Лъабго къоялъ халатбахъараб слеталъ рес кьуна мугІалимзабазул гьудуллъи щулалъизе, жакъасел тІалабазда рекъон кьолел дарсазулгун лъай-хъвай гьабизе, хІалбихьи цІикІкІарал мугІалимзабазул дарсаздаса пайда босизе ва лъайкьеялъулъ ругел, ккарал хиса-басиязулгун цІилъабазул рагьун бицине.

Гьеб тІобитІана кІиго этапалда.

Гьениб гІахьаллъана республикаялъул кІикього районалдаса команда ва, гьездаго гьорлъ, нилъер районалъул «МугІрузул тІогьал» командаги. Гьелда гьорлъе ккола ТІисси, Хуштада ва Лъондода росабазул школазул географиялъул мугІалимзаби ИсмагІил ГІалимухІамадов, МухІамад АсхІабович МухІамадов ва МухІамад ХІабибулаевич МухІамадов.


ГРАНТЫ ГЛАВЫ РЕСПУБЛИКИ ДАГЕСТАН

РУССКОЕ ГЕОГРАФИЧЕСКОЕ ОБЩЕСТВО
ОСНОВАНО В 1845 г.
ДАГЕСТАНСКОЕ РЕСПУБЛИКАНСКОЕ ОТДЕЛЕНИЕ

ДИПЛОМ

За 1 место

В турнире по скоростной сборке спилс - карты РД
I Республиканского слета «Познаем Дагестан с учителями географии!»

Вручается команде
"ГОРНЫЕ ВЕРШИНЫ"

В составе:
Алимагомедов Исмаил Алимагомедович
Магомедов Магомед Асхабович
Магомедов Магомед Хаб

Председатель Дагестанского республиканского отделения Русского географического общества Э.Эльдаров

Нилъер командаялъ лъикІаб хІасил бихьизабуна «Полевой-практикум квест-поход» категориялда гьорлъ тІоритІарал «Красная Дагестанская карта разлива» ва «Скоростная сборка спилс-карты РД» кьецазулъ кІиго тІоцебесеб бакІги босун. Гьелъул хІасилалда гьел ккана республикаялъул бищун лъикІаб щуго командаялде гьорлъе.

Гьелъ гьезие рес кьуна махщел камил гьабизеги, жидерго хІалбихьи цогидазе гІахьал ва цогидазул дарсазул анализ жидецаго гьабизеги, жидерго методикиял кьагІидаби рихьизаризе, географиялъул мугІалимасул статус борхизе, гІун бачІунеб гІелалъе географияб культура бихьизабизе ва мальизе.

Слеталдаго тІобитІана «ГІагараб ракьалъул география» абураб, лъикІаздаса лъикІал педагогал тІатинари мурадалда, ункъо батІияб рахъ хІисабалде босараб, методикиял хІалтІабазул республикаялъулаб конкурсги.

РакІ-ракІалъ баркула ракьцоязда лъикІал хІасилал рихьизари ва гьарула хадурккунги бергьенлъаби!

**МухІамад ГІумаров,** РУОялъул методист

Нилъеда сверухъ лъикІал гІадамал

## Шоферасул гІумру-жавабчилъи ва шагьранух

ГІемер рагІула кІалккул моцІалъ нилъер чагІаз гьабулеб лъикІлъиялъул. Цояз щибаб рузман сордо-къоялъ садакъа бикьула, цогидаз автотранспорталда чІобого яги бащадаб багъаялъухъ гІадамал рачуна, лъабабилез кІал биччазе чамасдакгун лъим бикьула. Дандги чІвала гьединал чагІи нилъеда щибаб росу-шагьаралда абунги гьеб мехалъ. Исана кІиабилеб нухалъ ккана дунги Шаваялде унаго «Рамазан моцІалъул хІурматалда, жив Аллагьасе гІоло, нухлул багьа 50% дагь буго»-ян хъван игІлан чІвараб маршруткаялде. Араб соналъги ккун йикІана дун гьебго машинаялде, пикру ккана, тІоцебе диегоги, хадуб цогидазеги мисаллъун букІине, хъвазе бугин гьев шоферасул хІакъалъулъ казияталда абун. Хъвайниса Ахъбулатов Ахъбулат вугилан абун цІар бицин гурони, тІокІаб батІияб информация дие кьолев чиги ватичІо, лъагІелалъ гьараниги живго хважаинасги рагІи абичІо жиндир садакъа-кири хвезабугеянги абун.

Исанани теларинха хъвачІого, цогидал маршрутниказулги рихьулел ругин багьабиян ракІалдеги ккун, гьикъа-бакъана цадахъ рукІарал шаваялъулазда. Нижер, къедисезул, дурцасда бер ккезабизе гурилан, -махсара гьабуна ИсмагІил ГъазимухІамадовас, хадубго тІадеги жубана, Шава-Хасавюрт-Шава маршруталде хІалтІизе лъугьаралдаса нахъе гьаб кьогоялде гІунтІун соналъ гьединаб низам букІунин Ахъбулатилилан.

-Рецц-бакъ бокьулев чи гуро вугев гьев. Нижеца тІубараб багьа кьолелъул, гьес килищ битІула машиналъул цІералда чІвараб кагътиде ва гьеб цІалейин абула. Жинцаго Ахъбулатица абула садакъа гьаби нилъеда тІадаб бугилан, Аллагьасе гІолоян нигатги гьабун. Цогидазеги мисалалъе вукІине рекъарав вас вуго,-ян рукІана дида цадахъ машинаялда рукІарал сасикьазул ва къедисезул руччаби.

-Садакъа бальго букІине кколин, амма хутІулеб гьечІоха,-ян вукІана живго шоферги ракІ хун гІадин. Рецц-бакъалъе гьабулеб жо гуро, хьвачІониги бегьила гьарин. Махщел хисизе абун пикруги букІинчІо, гьечІо. Руладла гІадин, лъикІ, дун цогидал махщелазда вичІчІиларо. Дие бокьула гІадамалгун гара-чІвари, гьезухъ гІенеккизе. Амма гьеб кколаро нухлухъ дун валагьуларин, гьезухъги гІенеккунилан. Гуро. Нижер гІумру шагьранухъ букІин ва нижер хІалтІулъ аслияб жо жавабчилъи букІин дидаги кІочоларо. АнцІила щуго, рукІуна цІикІкІунги, чиясул гІумрудул жаваб кьезе ккола дица БетІергьанасда цебе. Гьеб бигьаяб суал гуро бугеб…

-Гъоркьисала-исана бугеб




яталъул инсан Хъвайниса Ахъбулатие. ГІадамазе лъикІлъи гьабизе бокьарасе, гьелъие рес батула сундулъго, гьелдаса рохелги букІуна, цогІаги чиясул «баркаладулъ» ракІ разилъи бугони. ГьитІинаб кумекалъги кІудияб рохел кьолелъулха гІадамил инсанасе. Бихьулебги бичІчІулебги букІуна, машгъур жо гуро ракьцоясул гьаб,-ян харбиде гьоркьове жувана ЦІияб ЦІумадаса КъорамухІамадги. -Сапаралъ вахъиналда цеве, цвалде щун хал гьабула машинадулги, кумек гьарун аскІове вачІарасеги, машина хун, нухда ватарасеги, кумек гьабичІого чІоларо. Машина бачизе гуребги, къачІазеги лъазе кколин абула гьес. ЛъикІаб махщел буго Ахъбулатил машинаби къачІазеги. Рохарал ва чІухІарал руго гьев ракІ рагьарав, хІажалъи ккаралъув хІалае тІоцеве вортулев, абухъего, ахІараб бодулъги, бараб ахІулъги вукІунев чи вукІиналъ. Гьесул мисал босизе байбихьун буго Шава зонаялъул хьутабазул цогидал гІолохъабазги ва гьелдаги ниж цІакъ рази руго. Жидерго машинабазда къваригІелалъ къватІире рахъунел гьез, кІалккул моцІалъги, рузман къоялъги я чІобого, я бащадаб багъаялде рачуна нухлулал. Гьеле доб, лъикІлъи гьабизе кидаго кватІун букІунарин абураб гІакъилал умумузул кици ритІухълъиялъе далил. Ниж гІадин, Аллагьги разилъаги Ахъбулатида ва гьесул мисал босун хьвадулезда. ТІурайги гьезул мурадал.

Бихьулеб буго, шоферзабазул лъикІал ишаз гІадатиял гІадамал рохулел рукІин, цоясул лъикІаб мисалалдаса пайда босун, жидецаги лъикІлъи гьабизе цогидазги хІаракат бахъулеб букІин. Рамазан моцІ лъугІидал лъугІуларо гьезул лъикІлъи. Щибаб абуниги бегьула, рузманкъоялъги гьединалго тадбирал рукІунел руго. Баркала дирго рахъалъанги намусав, сабурав, гІодове виччараб хасиялъегун цІар тІибитІиялъе гуреб, Аллагь разилъи мурадалда гьел къватІире рахъунел рукІин цонигиги лъикІлъи, кумек гьабилин абун.

Ахъбулатица абухъего, машина бачунесул махщалилъ аслияб жо нухалде кІвар кьей ва жавабчилъи буго. Гьеб гьесдаги гьитІинаб къоялдаса нахъего бичІчІана. Колхозалъул машинабазул яги, доп соназ кьанагІатаб жо бугониги, жалго бетІергьанал машинабазул шоферзабазухъе векерулаан гьевги. Рохалие гІорхъи букІунароан гьесул цонигияс дагъабго педаль цузе изну кьунигицин. Гьединал лахІзатал кьанагІат рукІана гьесул. ДОСААФалъул автошколаги лъугІизабун, тІоцебесеб нухалъ рулалда нахъе гІодовги чІун, бугебщинаб жавабчилъи жиндаго тІаде ккедал, бичІчІун батила гІолиласда, щай доб шоферзабаз жинда машина божизабула букІинчІеб. Гьелдаса нахъе щвана лъикІаб хІалбихьиги, цІубана махщелги. Жакъа Ахъбулат Ахъбулатов вуго хІалбихьи цІикІкІарав шофер гуревги, гІолохъанал шоферзабазе лъикІав насихІатчиги. Гьесие жиндирго хІалтІи бокьула, ва, шаваялълаз абухъего, ракІги рухІги гуребги, мугъги чехьгин руладла «седарав» чи вуго гьев, лъиего кумек гьабулев. ГІемерлъаги нилъее Аллагьасул кириги, гІадамазул баркалаги цІикІкІун щоледухъ, Ахъбулат гІадин, ракІбацІцІадго хІалтІулел гІадамал.

**Хадижат Залимханова**

# Чистое поколение-2026

С 06 по 15 апреля 2026 года на территории Цумадинского района проводится первый этап межведомственной комплексной оперативно-профилактической операции «Чистое поколение-2026», направленная на предупреждение распространения наркомании среди несовершеннолетних, выявления фактов их вовлечения в преступную деятельность, связанную с незаконным оборотом наркотических средств, психотропных веществ, их аналогов и прекурсоров, новых потенциально опасных психоактивных веществ, а также растений либо их прекурсоров, а также на повышение уровня осведомленности населения о последствиях потребления наркотиков и об ответственности за участие в их обороте.

Очередной раз, затрагивая проблему наркомании в молодежной среде, хочется отметить, что наркомания опасное явления, поскольку носит скрытый характер и имеет разрушительные последствия. Наркомания поражает людей независимо от нации, пола, религии или социального положения. Мало кто, впервые беря в руки шприц, порошок или таблетку, задумывается насколько высокую цену придется заплатить за несколько минут сомнительного удовольствия. Каждому стоит запомнить, что наркотик-это смерть.

В детско-подростковой среде отсутствует активная психологическая защита по отношению к первой пробе и последующему приему наркотиков. Именно поэтому мы, старшие, должны формировать жизненные установки молодых на активное противодействие вовлечения в наркоманию.

К сожалению, в нашем районе имело место несколько случаев применения несовершеннолетними сильнодействующих лекарственных препаратов и различных наркотических средств, последствия - подорванное здоровье и слезы родителей.

Уважаемые жители Цумадинского района!

Призываем Вас быть внимательными к своим детям и родным, особенно мальчикам подросткового возраста. Следите за тем, где и как они проводят время, с кем общаются. Обратите внимание на общение с лицами старшего возраста, при малейшем подозрении на отрицательное влияние круга общения, вызовите на откровенный разговор. Не позволяйте своим детям, находиться после 22 часов на улице без сопровождения взрослых.

Законом Республики Дагестан от 03.03.2010 г. № 11 «О внесении изменений в Кодекс Республики Дагестан об административных правонарушениях», установлена административная ответственность согласно ст. 4.12 за нахождение несовершеннолетних в общественных местах, на улице, в компьютерных залах и иных местах без сопровождения родителей или лиц, их заменяющих, в период от 22.00 до 06.00 часов.

В случаях обнаружения тревожных признаков, а именно: неадекватного поведения, восприятия окружающего, изменений в худшую сторону морально-психологического состояния вашего ребенка, появления на теле, на одежде запахов, следов употребления наркотических средств, незамедлительно следует принять меры, иначе будет поздно!

Также, если Вам станет известно о фактах употребления, хранения, изготовления, выращивания и распространения наркотических средств, среди ваших родственников и знакомых, в том числе несовершеннолетними, о местах употребления наркотических средств и о других любых фактах, связанных с наркотиками, просим незамедлительно сообщить в ОМВД России по Цумадинскому району по телефону доверия: 8-963-410-52-51. Анонимность и вознаграждение гарантируется.

**ОМВД России по Цумадинскому району**

# Конкурс на должность главы сельского поселения

Решением Собрания депутатов сельского поселения «Сельсовет Кванадинский» от 06.04.2026 года №1 на 10 апреля 2026 года объявлен конкурс по отбору кандидатур на должность главы сельского поселения «сельсовет Кванадинский ».

Приём документов для участия в конкурсе будет осуществляться со дня опубликования настоящего объявления в газете «Голос Цумады» в срок до 12.05. 2026 г. в администрации сельского поселения «сельсовет Кванадинский», в рабочие дни с 9-00 до 12-00 и с 13-00 до 17-00 ч.

Для участия в конкурсе кандидат представляет лично следующие документы:

-личное заявление на участие в конкурсе;

-собственноручно заполненную и подписанную анкету с приложением фотографий 4х5 - 3 шт;

-паспорт или заменяющий его документ;

-документы, подтверждающие профессиональное образование, стаж работы и квалификацию (при наличии);

-сведения о доходах и расходах кандидата, его супруги (супруга), несовершеннолетних детей, принадлежащем им имуществе, вкладах в банках, ценных бумагах;

-согласие на обработку персональных данных;

-справка об отсутствии судимости.

В качестве конкурсного задания кандидат представляет разработанную им программу действий, направленную на улучшение социально-экономической ситуации в сельском поселении.

Программа обязательно должна содержать:

-оценку текущего социально-экономического состояния сельского поселения;

-описание основных социально-экономических проблем сельского поселения;

-комплекс предлагаемых кандидатом мер, направленных на улучшение социально-экономического положения и решение основных проблем сельсовета.

Программа подписывается кандидатом и представляется комиссии в день проведения конкурса.

Дополнительную информацию можно получить в отделе правовой работы и информационных технологий администрации МР «Цумадинский район».

**Председатель Собрания депутатов сельского поселения «Сельсовет Кванадинский» А. Халилов**

# Постановление № 67

**от 1 апреля 2026 г.**

**О назначении конкурсной комиссии**

В соответствии с Федеральным законом от 20 марта 2025 года № 33-ФЗ «Об общих принципах организации местного самоуправления в единой публичной власти и Решением Собрания депутатов СП «Село Тлондода» от 31.03.2026 г. № 2. **постановляю:**

1. Назначить членов конкурсной комиссии по отбору кандидатур на должность главы сельского поселения «Село Тлондода» согласно приложению.

2. Настоящее постановление опубликовать в районной газете «Голос Цумады».

**Глава МР «Цумадинский район» Ш. Омаров**

## Список

**членов конкурсной комиссии по отбору кандидатур на должность главы сельского поселения «село Тлондода» МР «Цумадинский район»**

| № п/п | Наименование сельского поселения | Ф.И.О. членов конкурсных комиссий, назначенных Главой МР | Место работы, занимаемая должность | Ф.И.О. членов конкурсной комиссии, назначенных решением Собраний депутатов СП |
|---|---|---|---|---|
| 1 | Сельское поселение «Село Тлондода» | 1.Ибрагимов Тимур Ахмедович | Начальник ОПР и ИТ администрации МР «Цумадинский район» | 1. Газимагомедов Ахмед Шамсулвараевич |
| | | 2.Джалалов Магомед Султанбекович | Ведущий специалист аппарата администрации МР «Цумадинский район» | 2. Магомедов Хасбула Садрудинович |

# ПОЛОЖЕНИЕ

**о регулярном чемпионате Цумадинского района по мини- футболу среди команд сельских поселений (Цумадинская футбольная лига «ЦФЛ») с. Агвали- 2026 г.**

**1. ЦЕЛИ И ЗАДАЧИ**

Чемпионат проводится с целью совершенствования форм организации массовой, физкультурно-спортивной работы в районе.

При этом решаются следующие задачи:

-дальнейшее развитие и пропаганда футбола в районе;

-профилактика наркомании, экстремизма и терроризма в молодёжной среде;

-пропаганда здорового образа жизни среди населения.

**2. РУКОВОДСТВО ПРОВЕДЕНИЕМ СОРЕВНОВАНИЙ**

Общее руководство проведением соревнований осуществляет МКУ «УКСМПиТ» МР «Цумадинский район».

Непосредственное проведение чемпионата возлагается на главную судейскую коллегию.

**3. СРОКИ И МЕСТО ПРОВЕДЕНИЯ**

Соревнования пройдут со 2 мая 2026 г. по октябрь 2026г. в «Колих-арена» с. Агвали.

**4.УЧАСТНИКИ И СИСТЕМА ПРОВЕДЕНИЯ**

Чемпионат ЦФЛ проводится с весны по осень, в один тур в неделю. Туры будут проходить в каждую субботу. При форс-мажорных обстоятельствах игра или тур, по решению оргкомитета, может быть перенесен на любой день недели.

В чемпионате участвуют цумадинцы, прописанные или родившиеся в Цумадинском районе, на основании поданной заявки и копии паспортов, с указанием места прописки. Команды имеют право привлечь 1 легионера (выходца из Цумадинского района независимо от места прописки и проживания). Игрок, игравший за одну команду в начале сезона или в отборочных играх, не имеет права играть за другую команду до открытия трансферного окна, и после-до завершения чемпионата.

Можно заявить незаигранного игрока в процессе чемпионата до 3-го тура, после-любые изменение в заявке только во время трансфертного окна.

Чемпионат проводится по действующим правилам мини-футбола (5х5).

Состав команды от 8 до 15 человек, 1 представитель, 1 тренер.

Максимальное количество команд в лиге-16.

Внимание: в случае возникновения сомнений любой участник должен предъявить оригинал паспорта. В случае выявления подставы, команда снимается с соревнований и дисквалифицируется!

**4.1. ОТБОРОЧНЫЕ ИГРЫ**

Новые команды, заявившиеся на новый сезон ЦФЛ, проведут отборочные матчи 25 апреля 2026г. в «Колих-арена» с. Агвали.

Команды, которые заняли 15-16 места в ЦФЛ-2025, будут иметь возможность играть стыковые матчи за право остаться в лиге (ст.4 п.4.3. регламентный кодекс ЦФЛ 2026 г.)

**5. ЗАЯВКИ**

Приём заявок, установленного образца, заверенная печатью главы поселения и медицинского учреждения, заканчивается в 17.00ч. 20 апреля 2026г. Представитель команды обязан предоставить копии паспортов на каждого игрока, в том числе отметить в заявке легионера.

**6. НАГРАЖДЕНИЕ**

Команды, занявшие 1-3 места, награждаются денежными призами:

за 1 -место 50 000руб;

за 2 -место 30 000 руб;

за 3 -место 20 000 руб и соответственно, кубком, дипломами, медалями и грамотами от МКУ «УКСМПиТ» МР «Цумадинский район».

Призы могут быть дополнены и от спонсоров.

В номинации:

«Лучший игрок» - 3000 руб.

«Лучший нападающий» - 3000 руб.

«Лучший защитник» - 3000 руб.

«Лучший вратарь» - 3000 руб.

Внимание! Команды, не предоставившие своевременно заявки, без соответствующих документов и опоздавшие на соревнования, к участию не допускаются.

Контактный телефон +7 963-374-82-33

**Оргкомитет**

**БетIерав редактор**
**Малачдибиров ГIубайдула СагIадулаевич**
**(87273) 2-52-44**

**Жавабияй секретарь**
**Залимханова Хадижат МухIамадовна**

**Техникияй редактор**
**МухIамадова Батул МухIамадовна**

**Редакциялъул (издателасул) адрес: 368900 Дагъистан Республика, ЦIумада район, Кьенгьара росу, Заводалъул къватI, 4**

**«ЦIумадисезул гьаракь» газета гIуцIарал: Дагъистан Республикаялъул «ЦIумада район» муниципалияб районалъул администрация (ОГРН 1020500562697)**

**Газета къватIибе биччана «Издательский дом «Дагестан» ГАУялъул типографиялда.**

**Адрес: 367018, МахIачхъала шагьар, Насрудиновасул проспект, 1 «А»**
**Тираж - 994**
**Газеталъул индекс: 51377 (бащдаб лъагIалие) 63302 (лъагIалие)**

**Адрес электронной почты Golostsumady@mail.ru**

**Макъалабазда рехсарал хIужабазул, тарихазул бальгольи гъорлъ бугел ва цогидалги баяназул жаваб авторас кьола.**

**Газета зарегистрирована Управлением Роскомнадзора по Республике Дагестан. ПИ №ТУ 05-00434 от 15 июля 2019 г.**